


Tranzisyon Segondè Plan Detaye pou Fanmi yo

Pwen Repè #1

Apèsi Plan Detaye Tranzisyon nan Etid Segondè

Plan detaye sa a fèt pou bay fanmi elèv ki gen andikap epi ki gen ant 12 rive 22 lane yo yon apèsi sou pwen repè ki nesesè yo pou ede adolesan yo vin pi pare pou inivèsite, karyè ak lavi. Misyon sistèm edikasyon soti nan preskolè rive nan inivèsite (K-20) nan eta Florid la se ogmante nivo konpetans tout elèv yo nan yon sèl sistèm omojèn epi efikas pandan l ap pèmèt yo agrandi konesans ak konpetans yo atravè opòtinite aprantisaj ak rechèch elèv yo, paran yo ak kominote yo estime ki bon anpil.



Pwodu sa a, se yon pwodu Project 10: Transition Education Network, pwojè diskresyon eta a deziyen an pou vin ak enfòmasyon tranzisyon, asistans teknik, devlopman resous ak fòmasyon.

Tèm plan detaye a fè konnen preparasyon elèv ki gen andikap ak sa ki pa gen andikap pou yon vi apre lekòl segondè ki fè sans epi ki gen objektif mande yon gwo planifikasyon ak anpil tan. Itilize plan detaye sa a pou idantifye tach pou akonpli nan pakou tranzisyon segondè a.

Pwen Repè #2

Pakou Lekòl Segondè a Kòmanse ak yon Plan: Yon Plan Tranzisyon

Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) se yon dokiman obligatwa ki montre bezwen sipò elèv ki gen andikap yo genyen. IEP a gen ladan tou pwogram etid ki dekri pakou edikasyon elèv yo fè chak ane pou ede yo atenn objektif yo. Amezi elèv yo ap grandi, IEP an ap chanje.

Nan laj 14 lane, oswa pou l ka operasyonèl nan premye jou lekòl segondè a, yon IEP ap vin tounen yon Plan Edikasyon Endividyèl Tranzisyon oswa TIEP. TIEP an genyen ladan l konpozan IEP ak TIEP yo. TIEP an asire l elèv yo resevwa sèvis sipò ak tranzisyon ki ap ede elèv yo pare pou inivèsite, karyè ak lavi! Gade tablo ki nan paj de a pou jwenn enfòmasyon sou IEP ak TIEP yo ak plis detay.

Konpozan IEP (Plis egzijans lalwa yo apati 12 lane oswa pandan 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a)

| | |
|---|--|
| Deklarasyon sou nivo pèfòmans aktyèl elèv la (akademik ak fonksyonèl). Règ 6A-6.03028, Kòd Administratif Florida (Florida Administrative Code, F.A.C.). | Deklarasyon sou nenpòt aranjman endividyèl apwopriye (ki nesèsè pou mezire pwogrè akademik ak pèfòmans fonksyonèl elèv la nan evalyasyon ki fèt nan tout distri a). Règ 6A-6.03028, F.A.C.). |
| Deskripsyon pwogrè elèv la nan reyalize objektif anyèl li yo (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). | Deklarasyon sou objektif anyèl yo (akademik ak fonksyonèl); (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). |
| Deklarasyon sou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye, san wete èd siplemantè (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). | Esplikasyon sou moman an, si genyen, elèv la p ap patisipe ak elèv ki pa genyen andikap yo nan klasansèyman jeneral la. (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). |
| Dat ki pwojite pou kòmansman sèvis yo (ansanm ak frekans, kote ak dire sèvis ak modifikasyon sa yo ap disponib); (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). | Kòmansman nan laj 12 lane, oswa apati klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a, itilize evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj (fondasyon objektif apre lekòl segondè ki mezire) pou idantifye bezwen elèv la pou enstriksyon sou oto-detèminasyon (s. 1003.5716, F.S.). |
| Kòmansman nan laj 12 lane oswa apati klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a, yo pral envite elèv la nan reyinyon IEP an (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). | Kòmansman nan laj 12 lane, oswa apati klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a, yo pral kòmansman idantifye sèvis tranzisyon elèv la bezwen yo (s. 1003.5716, F.S.). |
| Kòmansman nan laj 12 lane, oswa apati klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a, fè ti pale sou pakou pou jwenn diplòm epi dekri kijan elèv la pral prepare pou l gradye avèk yon diplòm estanda ak yon tit etidyan oswa yon ti etidyan endistri (s. 1003.5716, F.S.). | Kòmansman nan laj 12 lane, oswa apati klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye a, fanmi yo ak elèv yo ap resevwa enfòmasyon detaye sou pwogram ak sèvis tranzisyon lekòl yo. Lekòl yo pral pataje enfòmasyon tou sou pwogram tranzisyon ak sèvis ki disponib atravè Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl la, Ajans pou Moun Andikape yo, Sant Florida pou Elèv ki gen Talan Inik yo, Sant pou Viv Endepandan nan Florida yo, ak Divizyon Sèvis pou Avèg yo. Sa pral kontinye chak ane jiskaske elèv la gradye oswa li fini ak lekòl segondè (s. 1003.5716, F.S.). |

Eleman TIEP yo (Obligatwa apati 14 lane oswa dwe anplas epi operasyonèl nan premye jou lekòl segondè elèv la)

| | |
|---|---|
| Note desizyon ki gen rapò ak pakou pou jwenn diplòm nan epi note si elèv la ap travay pou li jwenn yon diplòm oswa si li p ap travay pou sa (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). | Objektif apre lekòl segondè ki ka mezire ak apwopriye ki baze sou fòs, preferans ak enterè endividyèl timoun nan. Revize chak ane (s. 1003.5716, F.S.). |
| Y ap idantifye ak rann sèvis tranzisyon yo disponib, paske yo se yon seri aktivite kowòdone pou ede elèv la transfere soti nan lekòl klasik ale nan aktivite apre lekòl klasik yo (Règ 6A-6.03028, F.A.C.). | Devlope pwogram etid ki pral pèmèt elèv yo atenn objektif apre lekòl segondè yo (s. 1003.5716, F.S.). |
| Yon prèv ki demontre, si sa apwopriye, yo te envite yon reprezantan nenpòt ajans pou l vin patisipe nan reyinyon ekip IEP a avèk konsantman alavans paran oswa elèv ki gen laj majorite (ki majè) (20 U.S.C. 1416(a)(3)(B)). | Dokimante pale ki fèt ak elèv la ansanm ak fanmi an sou pwosesis ranvwa a (s. 1003.5716, F.S.). |
| Omwen yon lane anvan 18yèm anivèsè nesans elèv la (laj pou li majè a) oswa lè elèv la vin gen 17 lane, dokimante kijan elèv la ak paran yo te vin jwenn enfòmasyon sou transfè dwa bay elèv la lè l ap vin gen laj majè, ansanm ak enfòmasyon epi enstriksyon sou kapasite pou l detèmine poukont li bagay ki gen rapò ak dwa ak responsablite legal konsènan desizyon edikasyon. Sa enpòtan sitou pou dwa elèv la genyen pou l bay konsantman l pou paran yo nan lide pou yo rete patisipe nan desizyon ki gen pou wè ak edikasyon li (Règleman 6A-6.03028, F.A.C.). | Anvan kòmansman ane elèv la ta sipoze gradye a, IEP a dwe gen ladan l yon deklarasyon ki gen siyati fanmi an oswa siyati elèv ki te resevwa transfè dwa yo ki demontre li konprann pwosesis pou ranvwa an epi li fè konnen si elèv la pral ranvwaye resepsyon diplòm lekòl segondè estanda li a (s. 1003.5716, F.S.). |




Responsablite Elèv la

Se elèv yo ki responsab pwosesis tranzisyon an. Kòmanse nan lekòl entèmedyè, elèv yo dwe fè bagay sa yo:

- Devlope epi itilize konpetans otodetèminasyon ak defans pèsònèl (tankou aprann plis sou andikap youn moun ak konnen ki aranjman ki itil pou atenn objektif alontèm yo).

- Konnen aranjman w bezwen lekòl la.
- Aprann itilize ak pran swen teknoloji asistans yo (assistive technology, AT). Ale nan reyinyon ekip IEP ou yo.
- Patisipe nan devlope IEP a (tankou pataje pwen fò, bezwen ak enterè).
- Patisipe epi akonpli aktivite pou sansibilize moun sou karyè ak nan aktivite eksplorasyon, sa ki pote non evalyasyon tranzisyon yo.
- Pratike kijan pou w eksprime lide w yo, opinyon ou ak bezwen w genyen yo (defann tèt ou).
- Pratike konpetans otodetèminasyon (tankou kijan pou pran desizyon ak fè chwa, rezoud pwoblèm, fikse objektif pou tèt ou epi kwè nan kapasite w pou atenn objektif ou).



Responsablite Fanmi an

Fanmi enpòtan nan pwosesis tranzisyon an. Elèv yo gen pi bon rezilta lè fanmi yo jwe yon wòl aktif. Fanmi yo ka ede elèv yo pandan y ap fè sa yo:

- Kenbe dosye sèvis ak aktivite ki gen pou wè ak tranzisyon an.
- Revize egzijans gradyasyon yo.

- Idantifye pwen fò ak bezwen ki genyen pou pale sou yo nan reyinyon IEP a. Revize ak diskite sou opsyon diplòm yo ak adolesan w lan.
- Ede adolesan w lan pratike konpetans defans pèsònèl. Ede adolesan w lan pratike konpetans otodetèminasyon.
- Pale ak pitit ou sou plan pou lavi l aprè lekòl segondè. Eksplòre espesyalis prediksyon ki baze sou rechèch pou rezilta apre lekòl klasik epi ede adolesan w lan angaje l nan aktivite ki sipòte objektif apre lekòl segondè li vle yo.
- Ba l chans pou l eksplòre opsyon li genyen yo apre l fini lekòl (tankou pwogram edikasyon teknik ak karyè, opòtinite aprantisaj oswa anplwa; epi inivèsite ak fakilte).



Responsablite Lekòl ak Distri Eskolè yo

Objektif ansèyman elèv esepsonèl (ESE) nan Florida se pou ede chak elèv ki gen yon andikap fè pwogrè nan lekòl epi prepare l pou la vi a apre l fini lekòl. Kèk nan responsablite lekòl ak distri eskolè yo se:

- Itilize evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj.
- Prepare elèv yo pou yo patisipe nan reyinyon IEP yo.
- Idantifye pwen fò, bezwen ak enterè elèv yo.

- Asire elèv yo genyen mezi adaptasyon ak chanjman yo bezwen pou yo reyisi.
- Anseye elèv yo konpetans otodetèminasyon, tankou fason pou elèv lan kapab bay konsantman eklere pou otorize paran li yo kontinye patisipe nan desizyon k ap pran sou edikasyon li.
- Revize objektif anyèl mezirab yo. Èske objektif anyèl yo sipòte elèv yo nan atenn objektif apre lekòl segondè yo?
- Revize objektif apre lekòl segondè ki mezirab yo. Èske objektif apre lekòl segondè yo ede elèv yo jwenn edikasyon oswa fòmasyon ak anplwa yo vle a?
- Bay eksperyans aprantisaj ki gen rapò ak travay, tankou eksperyans aprantisaj ki baze sou travay, ansèyman nan kominote a (community-based instruction, CBI) ak/oswa edikasyon pwofesyonèl ki baze nan kominote a (community-based vocational education, CBVE).
- Mete elèv yo an kontak ak ajans ki akpab ofri sèvis sipò pandan epi apre lekòl segondè.



Responsablite Ajans lan

Gen yon varyete ajans ki ka jwe yon wòl nan bay elèv yo sèvis. Ekip IEP an ta dwe ede nan kreye koneksyon ant ajans yo ak elèv la. Yo ka kontakte oswa envite ajans yo sèlman pou vin travay avèk elèv la sèlman si paran an dakò oswa si elèv ki te rive nan laj majorite a dakò.

Men ajans kle yo:

- [Ajans pou Moun ki gen Andikap yo \(Agency for Persons with Disabilities, APD\)](#)
- [CareerSource Florida](#)
- [nan Sant pou Vi Endepandan \(Centers for Independent Living, CIL\)](#)
- [Divizyon Sèvis pou Moun Avèg \(Division of Blind Services, DBS\)](#)
- [Division of Vocational Rehabilitation \(Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl\) \(VR\)](#)
- [Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florida \(Florida Department of Children and Families, DCF\)](#)
- nan enstitisyon k ap bay sèvis lwazi ak amizman yo
- Òganizasyon sante ak pwofesyonèl lasante san wete pwofesyonèl sèvis sante mantal yo
- Lòt òganizasyon ak enstitisyon kominotè k ap bay granmoun yo sèvis



Planifikasyon Karyè ak Xello

Yon resous enpòtan ki pa gen lontan yo kreye pou sipòte planifikasyon karyè ak itilizasyon evalyasyon tranzisyon (pou tout elèv!) se [Paj Planifikasyon Karyè ak Inivèsite Depatman Edikasyon Florida a](#). Yo idantifye Xello antanke founisè sèvis kowòdinasyon aprantisaj nan kad travay ak planifikasyon pou timoun preskolè rive 12yèm ane ki ofisyèl nan Florida. [Xello](#) ofri yon dividal aktivite planifikasyon karyè ki ap ede elèv yo akonpli bagay sa yo:

- Konstwi pwofil pèsonalize pou afiche enterè, konpetans ak abilite. Pase evalyasyon pou korespondans karyè nan lide pou gide epi motive nan eksplorasyon.
- Eksplòre opsyon yo pandan y revize pwofil karyè yo, done nan mache travay yo, ak opòtinite fòmasyon ki genyen pou apre lekòl segondè.

- Fikse objektif alontèm ak sa ki akoutèm epi gen kontwòl pwogrè yo nan planifikasyon kou akademik epi jere pwosesis aplikasyon yo ann inivèsite.
- Prepare pou mond travay la pandan y ap travay sou kreye yon CV pwofesyonèl, nan kreye pòtfolyo ki ka pataje, epi nan aplike pou opòtinite aprantisaj lokal nan kad travay.
- Toujou kontinye ap aprann, reflechi, ak re-evalye plan yo gras ak èd ki disponib nan leson entegre pou preparasyon pou karyè ak inivèsite.

Ekip youn nan distri eskolè Florida yo te eksplike poukisa Xello se chwa yo te fè antanke yon zouti preparasyon pou inivèsite ak karyè, “Avèk leson pèsonalize yo, elèv yo pa sèlman ap tcheke kaz, men yo vrèman angaje yo nan yon eksplorasyon pèsònèl kote y ap chèche konn tèt yo, y ap reponn kesyon epi yo angaje yo pi plis toujou nan reflechi sou pwòp enterè yo. . . Sa fè nou plezi poutèt genyen konpetans lavi ak eleman inivèsite ak karyè nan Xello, e tout sa se paske nou konnen konpetans lavi yo tèlman enpòtan pou sante jeneral yon elèv.”



Sèvis Tranzisyon Anvan Travay la (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS)

Objektif final tout edikasyon se prepare elèv yo pou lavi apre lekòl segondè epi, pandan elèv yo ap avanse nan sistèm jadendanfan rive nan 12yèm ane a (oswa K-12), fason y ap konsantre sou preparasyon pou lavi apre lekòl la vin ap vin amelyore. Sèvis tranzisyon anvan travay (Pre-employment transition services, Pre-ETS) disponib pou prepare elèv yo pou fòmasyon, edikasyon apre lekòl segondè, pou travay, ak karyè.

Pre-ETS ede elèv ki gen andikap yo eksplòre, prepare epi pran desizyon ki baze sou karyè. Elèv ki gen laj 14 jiska 21 lane ki gen yon IEP, Plan 504, oswa lòt andikap dokimante, elijib pou resevwa Pre-ETS gratis atravè Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR). Manm pèsònèl yo kapab refere elèv yo anliy pou Pre-ETS. Genyen yon fòm yon lòt adilt nan lavi elèv la kapab ranpli tou depi l gen pèmision elèv la.

Lis sa a gen ladan l tout opsyon Pre-ETS pou elèv ki gen andikap yo:

- Konsèy pou Chèche Travay
- Fòmasyon sou Preparasyon pou Travay
- Eksperyans Aprantisaj nan kad Travay ki Peye epi ki Pa Peye (Work Based Learning Experiences, WBLEs)
- Fòmasyon pou Defans Pèsònèl ak Konsèy an Gwoup
- Konsèy Apre Lekòl Segondè

Dapre [seksyon 1003.5716 nan Lwa Florida](#), yo ta dwe abòde dosye Pre-ETS la nan IEP a pandan y ap kòmanse anvan elèv la vin gen 14 lane oswa anvan li antre nan lekòl segondè.

Pou plis enfòmasyon konsènan sèvis VR pou elèv ki gen andikap yo, mande lekòl ou a oswa ale sou sit entènèt VR lan.

<http://www.rehabworks.org>

Sèvis Tranzisyon Anvan Travay



Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) la ap travay ak elèv, fanmi, lekòl, ajans kominotè, ak òganizasyon yo pou bay sèvis ki ankouraje tranzisyon ki reyisi soti nan lekòl ale nan travay epi nan lavi granmoun. Jwenn Depliyon Sèvis Tranzisyon Anvan Travay VR lan [la a](#).



Gradyasyon Tèt Dwat - Florida High School Opsyon Pakou pou Gradyasyon


Nan Florida, elèv yo ka chwazi yon dividal opsyon pakou gradyasyon. Pakou gradyasyon yo ka gen yon enpak sou chwa anplwa alavni yo, epi tou sou edikasyon ak fòmasyon. Asire w ou chwazi opsyon pakou gradyasyon ki pi apwopriye pou jèn ou an. Ou dwe pale sou sa ak ekip IEP an epi yo ka retounen sou li si sa nesèsè. Detay sou egzijans gradyasyon pou twa Opsyon Diplòm Estanda 24 Kredi yo, ansanm ak Kourikoulòm Pwofesyonèl a 18 Kredi pou Amelyore Aprantisaj (Academically Challenging Curriculum to Enhance Learning, ACCEL) ansanm ak Opsyon Pakou Karyè ak Edikasyon Teknik la (Pathway Career and Technical Education, CTE) yo disponib nan Tablo Opsyon Gradyasyon ki nan paj 6 rive paj 9. Pou elèv k ap antre nan 9yèm ane yo pou kòmansman ane eskolè 2023-24 la (epi apre tou), tanpri ale gade nan paj 6 ak 7 la. Pou elèv ki antre nan 9yèm ane anvan ane eskolè 2023-24 la, tanpri ale gade nan paj 8 ak 9.

Opsyon Diplòm Estanda a 24 Kredi: Genyen twa (3) opsyon pou diplòm etid segondè a 24 kredi. Pifò elèv ki gen andikap yo pral pran opsyon 24 kredi ki disponib pou tout elèv yo. Genyen de (2) opsyon gradyasyon tou ki disponib sèlman pou elèv ki gen andikap yo.

Toude opsyon sa yo pèmèt elèv yo ranplase yon kou karyè ak edikasyon teknik (CTE) ak kontni ki gen rapò ak yon kredi nan chak nan kat domèn kontni prensipal yo. Dezyèm opsyon pou elèv ki gen andikap yo kreye sitou pou elèv ki gen andikap entèlektyèl ki gen kredi atravè kou aksè yo gras ak yon evalyasyon altènatif. Jwenn plis enfòmasyon sou sa nan pati anba paj sa a. *Remak - Nou ka ranpli tout opsyon 24 kredi yo antanke opsyon 18 kredi. **Remak - Gen kèk distri ki gen kondisyon anplis pou gradyasyon.

Opsyon Pwogram Eskolè ki Egzijan pou Amelyore Aprantisaj (Academically Challenging Curriculum to Enhance Learning, ACCEL) 18 Kredi:

Elèv ki nan opsyon pakou ACCEL 18 kredi yo dwe ranpli tout kondisyon gradyasyon yo pou yon diplòm estanda a 24 kredi, eksepte yo ap benefisye kredi ochwa ki redui epi li pa obligatwa pou yo genyen kredi pou edikasyon fizik. Kòm sa a se yon opsyon akselere, pakou sa a se yon pakou yo ta dwe byen konsidere.



Opsyon Pakou Gradyasyon pou Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE):

Elèv ki pran pakou sa a dwe ranpli tout egzijans pou yon minimòm 18 kredi kote li obligatwa pou yo pran 3.5 jiska 4 kredi ochwa (selon ane pasaj 9yèm ane a). De kredi ochwa nan kou CTE yo dwe pèmèt ou boukle yon pwogram ak yon sètifikasyon endistri. Tanpri gade Tablo Opsyon Gradyasyon yo pou detèmine egzijans kredi Aprantisaj nan Kad Travay oswa ranplasman ekivalan pou Opsyon Pakou Gradyasyon CTE yo.

Kourikoulòm Bakaloreya Entènasyonal (International Baccalaureate, IB)

Pwogram (kourikoulòm) IB an fèt pou elèv ki motive anpil ki gen 16 rive 19 lane. Li baze sou yon sik etid ki estrik anvan inivèsite ki dire de (2) lane ki gen egzamen entènasyonal ak kredi pou inivèsite. (Tcheke distri eskolè w la pou w konn si l disponib.)

Pwogram Sètifika Entènasyonal Etid Sipèrye (Advanced International Certificate of Education, AICE):

Kourikoulòm AICE an fèt pou elèv ki gen 16 rive 19 lane k ap chèche fè etid siperye yo pou yo kapab prepare pou yo etidye nan kolèj oswa nan inivèsite. Pwogram Diplòm AICE an baze sou pwogram ak evalyasyon Egzamen Entènasyonal Cambridge la. (Tcheke distri eskolè w la pou w konn si l disponib.)

Diplòm Estanda atravè Pwen Aksè:

Anviwon 1 pousan nan tout elèv, ki vle di anviwon 10 pousan nan tout elèv ki gen yon andikap, gen pwoblèm aprantisaj konplèks ki enfluyanse aktivite yo, tankou lekòl, fonksyonman endepandan yo, lavi yo nan kominote a, lwazi ak travay yo. Apre yo fin byen egzamine pefòmans elèv yo, rezilta evalyasyon yo ansanm ak lòt dosye yo, ekip IEP yo, ki gen ladan l paran yo tou, ka mande paran yo yon konsantman alekri pou jèn timoun yo an jwenn yon diplòm estanda atravè pwen aksè. Yo evalye elèv ki nan pwen aksè yo gras ak yon evalyasyon altènatif ki rele Evalyasyon Altènatif Nòm Florida (Florida Alternate Assessment, FAA) kounye a. Nòt tès yo kapab siprime selon rekòmasyon ekip IEP a. Pwen aksè yo se atant ki genyen nan nivo aprantisaj pou elèv ki gen andikap entèlektyèl ki pi grav yo. Pwen aksè yo aliyen ak kourikoulòm edikasyon jeneral la epi yo konsantre sou estanda Florida yo pandan yo mwens konplike. Yo anseye pwen aksè yo nan kad kou aksè yo. Men, sa pa vle di elèv k ap pran kou sa yo dwe nan yon sal klas apa. Yo kapab anseye kou aksè yo nan yon sal klas ansèyman jeneral la avèk sipò yon pwofesè ESE. Sa ap pèmèt elèv yo aprann nan yon anviwònman enklizif.

Opsyon Soti ki Baze sou Randman:

Pakou Soti ki Baze sou Randman an se yon lòt wout ki disponib pou elèv ki gen omwen 16 lane ki pa gen ase kredi yo, ki gen yon mwayèn ki fèb oswa ki gen twòp laj pou nivo klas yo ye nan moman an, rive gradye. Opsyon sa a pa fèt pou yon pwogram prefere oswa akselere pou soti bonè. (Tcheke distri eskolè w la pou w konn si l disponib.)



Tit sou Diplòm

Pou yon elèv genyen yon tit etidyan endistriyèl, li dwe satisfè egzijans diplòm nòmal la epi li dwe rive genyen youn oswa plis sètifikasyon endistri ki nan lis ki tabli an selon seksyon 1003.492 nan Lwa Florida yo. Pou elèv yo genyen sètifikasyon endistri yo, yo pran kou CTE yo epi yo dwe pase yon tès sètifikasyon ki gen pou wè ak li. Pou jwenn yon tit etidyan, yon elèv dwe jwenn kredi nan kou li idantifye epi li dwe pase egzamen fen etid espesifye (end-of-course, EOC). Gade tablo ki pi ba a pou jwenn detay oswa pou konnen Lwa eta Florida yo http://leg.state.fl.us/statutes/index.cfm?App_mode=Display_Statute&Search_String=&URL=1000-1099/1003/Sections/1003.4285.html.

| Pou Tit Etidyan an, Elèv yo Dwe Genyen | Pou Tit Etidyan Endistri an, Elèv yo Dwe Pase |
|---|---|
| 1 Kredi - Aljèb II | Egzamen Fen Etid Aljèb II (EOC) |
| 1 Kredi - Estatistik oswa nan yon kou Matematik ki Estrik Menm Jan an | Egzamen Fen Etid Jewometri |
| 1 Kredi - Chimi oswa Fizik | Egzamen Fen Etid Biyoloji 1 |
| 1 Kredi nan yon kou ki Estrik Menm Jan ak Chimi oswa Fizik | Egzamen Fen Etid Istwa Etazini |
| 2 kredi nan menm Lang Entènasyonal la | ----- |
| Yon Minimòm 1 Kredi nan AP, IB, AICE oswa yon Kou Enskripsyon Doub | ----- |

*Tanpri sonje: Yon elèv ki gen yon andikap pa ka jwenn aksè ak yon egzansyon pou evalyasyon si l ap chèche yon tit etidyan (yo pa ka anile evalyasyon EOC ki yo pale sou li pi wo a). Yon elèv p ap bezwen pase evalyasyon pou Biyoloji I oswa Istwa Etazini si li enskri nan yon pwogram AP, IB oswa AICE oubyen kou Biyoloji I oswa Istwa Etazini epi si elèv la sibi youn dèyè lòt evalyasyon AP, IB oswa AICE epi li genyen rezilta minimòm pou l genyen kredi pou inivèsite a.



MOVE CHEMEN: Evite Danje Kite Lekòl La Reprézante

Lè elèv yo kite lekòl, sa genyen efè negatif sou yo nan plizyè fason. Elèv ki kite lekòl yo gen mwens chans pou yo jwenn anplwa yo vle a. Yo gen mwens chans pou yo fè menm valè kòb ak yon moun ki fini etid segondè. Yo gen plis chans pou yo bezwen èd piblik ak plis chans pou yo komèt yon krim. Genyen plizyè faktè ki kapab fè elèv yo kite lise. Eksplòre resous sa a pou plis enfòmasyon sou enpòtans angajman elèv yo - Fè atansyon pou Prezans yo: Kenbe Timoun ou nan Bon Chimen an nan Lekòl Entèmedyè ak Lekòl Segondè nan https://attendanceworks.org/wp-content/uploads/2017/08/AW_HS-flyer-1-pager.pdf.



Elèv yo gen pi bon rezilta lè fanmi yo jwe yon wòl aktif nan edikasyon adolesan yo. Kèk nan avantaj elèv yo konn genyen poutèt angajman aktif fanmi yo se:

- Elèv yo ki debwouye yo pi byen nan lekòl epi yo rete lekòl la pandan pi lontan. Kilti ak anviwònman lekòl la an vin miyò pou tout moun ki angaje yo.
- Elèv yo bay pi bon rezilta lè paran yo angaje nan yon varyete domèn nan aprantisaj elèv la.
- Akonplisman elèv la pi kòrèk lè lekòl yo ansanm ak fanmi yo travay antanke asosye.
- Fanmi, lekòl ak gwoup kominotè yo, yo tout ede nan amelyore reyisit elèv la (Henderson & Mapp, 2002).

Tablo Opsyon Gradyasyon Florida 2023-24: Elèv k ap antre nan 9yèm Ane Avan 2023-24 yo

| Opsyon Diplòm Estanda a 24-Kredi <i>Disponib pou tout elèv, san wete elèv ki andikape</i> | Diplòm Nòmal 24 Kredi Opsyon ki gen Egzijans Akademik ak Travay <i>Disponib Sèlman pou elèv ki gen andikap yo</i> | Opsyon Diplòm Estanda 24-Kredi (Antre nan Kou yo) <i>Disponib sèlman pou elèv ki gen andikap entèlektiyèl ki pi grav yo, k ap pran kou aksè yo ansanm ak evalyasyon altènatif lan.</i> |
|--|---|---|
| Teknik Lang Anglè (4 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ ELA 1, 2, 3, 4 ▪ Distenksyon ELA yo, Plasman Avanse (AP), Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE), Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak kou ki gen doub enskripsyon yo ka satisfè egzijans sa a. | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase yon kou Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE) ki gen rapò ak Anglè pou Anglè 4 (English 4) | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral ▪ Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen pou wè ak Anglè pou Anglè 4 (English 4). |
| Matematik (4 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yonn ladan yo dwe Aljèb 1 epi yonn ladan yo dwe se Jewometri ▪ Sètifikasyon Endistri ki mennen nan kredi pou inivèsite ka ranplase jiska de kredi matematik (eksepte Aljèb 1 ak Jewometri) ▪ Yon kredi syans enfòmatis yo idantifye* ka ranplase pou pi plis yon kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jewometri) *Yon kredi syans enfòmatis pa ka sèvi pou ranplase yon kredi matematik ak syans. | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen pou wè ak Matematik pou yon kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jewometri) | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen kontni ki gen pou wè ak Matematik pou yon kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jewometri) |
| Syans (3 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Youn ladan yo dwe se Biyoloji 11 de lòt yo dwe se kou syans ki estrik menm jan an ▪ De nan twa kredi yo egzije yo dwe genyen yon eleman laboratwa ▪ Yon sètifikasyon endistri ki mennen nan kredi pou kolèj ka ranplase pou pi plis yon kredi syans (eksepte Biyoloji 1) ▪ Yon kou yo idantifye nan syans enfòmatis* ka ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) *Yon kredi syans enfòmatis pa ka ranplase yon kredi matematik ak syans. | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen rapò ak syans pou yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen rapò ak syans pou yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) |
| Syans Sosyal (3 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ 1 kredi nan kou Istwa Inivèsèl ▪ 1 kredi nan U.S. Istwa ▪ 0.5 kredi nan kou Politik Etazini ▪ 0.5 kredi nan kou Ekonomi | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen rapò ak syans sosyal pou yon kredi syans sosyal (eksepte pou Istwa Etazini) | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral ▪ Ka ranplase yon kou CTE ki gen rapò ak syans sosyal pou yon kou ki bay kredi syans sosyal (eksepte pou Istwa Etazini) |
| Kou Ochwa (8 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sa ka gen ladann kou nan kad travay | <ul style="list-style-type: none"> ▪ Li dwe gen ladann 0.5 kredi nan yon kou ki baze sou travay ▪ Ka gen ladann kou edikasyon pou elèv eksepsyonèl (ESE). | <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sa ka gen ladann kou nan kad travay |
| 1 Kredi nan Espektak Atistik, Diskou ak Deba, CTE oswa Pratik Atistik ki elijib (dapre Repètwà kòd Kou yo) | | |
| 1 Kredi nan Edikasyon Fizik pou entegre sante | | |
| Etidyan yo dwe gen yon mwayèn 2.0 (GPA) sou yon echèl 4.0 pou tout ane yo epi yo dwe pase evalyasyon ofisyèl ki fèt nan tout eta a, oswa reponn a kritè kote yo pa oblije pase egzamen an | | |

Tablo Opsyon Gradyasyon Florida 2023-24: Elèv k ap antre nan 9yèm Ane Avan 2023-24 yo

| | |
|--|---|
| 18-Kredi Opsyon Pwogram Eskolè ki Egzijan pou Amelyore Aprantisaj (ACCEL) <i>Disponib pou tout elèv, san wete elèv ki andikape</i> | Pakou Gradyasyon pou Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE) (sa mande pou piti 18 kredi) <i>Disponib pou tout elèv, san wete elèv ki andikape</i> |
| Teknik Lang Anglè (4 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ ELA 1, 2, 3, 4 ▪ Distenksyon ELA yo, Plasman Avanse (AP), Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE), Bakaloreya Entènasyonal ak kou ki gen doub enskripsyon yo ka satisfè egzijans sa a. | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ sa gen ladan l evalyasyon lekti 10yèm ane nan tout eta a oswa evalyasyon ELA pou 10yèm ane oswa fè yon bon nòt |
| Matematik (4 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yonn ladan yo dwe Aljèb 1 epi yonn ladan yo dwe se Jewometri ▪ Sètifikasyon Endistri ki mennen nan kredi pou kolèj la ka ranplase jiska de kredi matematik (eksepte Aljèb 1 ak Jewometri) * Yon kredi syans enfòmatrik pa ka sèvi pou ranplase yon kredi matematik ak syans. | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> |
| Syans (3 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yonn ladan yo dwe Biyoloji 1 ▪ De nan twa kredi yo egzije yo dwe genyen yon eleman laboratwa ▪ Yon sètifikasyon endistri ki mennen nan kredi pou kolèj ka ranplase pou pi plis yon kredi syans (eksepte Biyoloji 1) ▪ Yon kredi yo idantifye nan syans enfòmatrik* ka ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1)* Yon kredi syans enfòmatrik pa ka sèvi pou ranplase yon kredi matematik ak syans. | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> |
| Syans Sosyal (3 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ 1 kredi nan kou Istwa Inivèsèl ▪ 1 kredi nan U.S. Istwa ▪ 0.5 kredi nan U.S. Gouvènman ▪ 0.5 kredi nan kou Ekonomi | <p>sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan</p> |
| Kou Ochwa (3 Kredi) | Kou Ochwa (4 Kredi) |
| <p>Karyè ak Ansèyman Teknik - Pa Obligatwa</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Amwenske li sèvi pou ranpli kondisyon 1 Kredi pou Penti ak Espektak Atistik, Diskou ak Deba, oswa Pratik Atistik ki elijib <p>Pwogram Aprantisaj Baze sou Travay - Pa Obligatwa</p> | <ul style="list-style-type: none"> ▪ Karyè ak Edikasyon Teknik (2 Kredi) - Kou yo dwe pèmèt ou boukle yon pwogram ak yon sètifikasyon endistri ▪ Pwogram Aprantisaj Baze sou Travay (2 kredi) - Konplete de kredi nan pwogram aprantisaj ki baze sou travay yo <ul style="list-style-type: none"> o Ka ranplase pou pi plis 2 kredi kou elijib, sa gen ladan l 0.5 kredi nan ansèyman konpetans finansyèl, pou kou ki nan pwogram aprantisaj baze sou travay yo pou satisfè egzijans yo |
| 1 Kredi nan Espektak Atistik, Diskou ak Deba, CTE oswa Pratik Atistik ki elijib, dapre Repètwa kòd Kou yo | Penti ak Espektak Atistik, Diskou ak Deba, oswa Pratik Atistik ki elijib - Pa Obligatwa |
| Edikasyon Fizik - Pa Obligatwa | |
| Etidyan yo dwe gen yon mwayèn 2.0 (GPA) sou yon echèl 4.0 pou tout ane yo epi yo dwe pase evalyasyon ofisyèl ki fèt nan tout eta a, oswa reponn a kritè kote yo pa oblije pase egzamen an | |

Gen enfòmasyon anplis sou kondisyon pou jwenn yon diplòm, sa gen ladann lyen ak referans lejislatif yo, sou sit entènèt Depatman Edikasyon Florida a konsènan Kondisyon Gradyasyon: <https://www.fl DOE.org/schools/k-12-public-schools/sss/graduation-requirements/>.

Tablo Opsyon Gradyasyon Florida 2023-24: Elèv k ap antre nan 9yèm Ane an 2023-24 e Annapre

| Opsyon Diplòm Estanda a 24-Kredi <i>Disponib pou tout elèv, san wete elèv ki andikap</i> | Diplòm Nòmal 24 Kredi Opsyon ki gen Egzijans Akademik ak Travay <i>Disponib Sèlman pou elèv ki gen andikap yo</i> | Opsyon Diplòm Estanda 24-Kredi (Antre nan Kou yo) <i>Disponib sèlman pou elèv ki gen andikap entèlektyèl ki pi grav yo, k ap pran kou aksè yo ansanm ak evalyasyon altènatif lan.</i> |
|---|--|--|
| Teknik Lang Anglè (4 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> ELA 1, 2, 3, 4 Distenksyon ELA yo, Plasman Avanse (AP), Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE), Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak kou ki gen doub enskripsyon yo ka satisfè egzijans sa a. | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase yon kou Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE) ki gen rapò ak Anglè pou Anglè 4 | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen rapò ak Anglè pou Anglè 4 (English 4) |
| Matemáticas (4 créditos) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> Yonn ladan yo dwe Aljèb 1 epi yonn ladan yo dwe se Jewometri Kou pou sètifikasyon nan endistri k ap pèmèt ou jwenn kredi inivèsite ka ranplase jiska de kredi matematik (eksepte Aljèb 1 ak Jewometri) Yon kredi syans enfòmatrik yo idantifye* ka ranplase pou pi plis yon kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jewometri) * Yon kredi syans enfòmatrik pa ka sèvi pou ranplase yon kredi matematik ak syans. | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen pou wè ak Matematik pou yon kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jewometri) | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral Ka ranplase yon kou CTE ki gen kontni ki gen pou wè ak Matematik pou yon kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jewometri) |
| Syans (3 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> Youn ladan yo dwe se Biyoloji 11 de lòt yo dwe se kou syans ki estrik menm jan an De nan twa kredi yo egzije yo ou dwe genyen yon eleman laboratwa Yon sètifikasyon endistri ki mennen nan kredi pou kolèj ka ranplase pou pi plis yon kredi syans (eksepte Biyoloji 1) Yon kredi yo idantifye nan syans enfòmatrik* ka ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) *Yon kredi syans enfòmatrik pa ka ranplase yon kredi matematik ak syans. | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase yon kou CTE ki gen rapò ak syans pou yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen rapò ak syans pou yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) |
| Syans Sosyal (3 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> 1 kredi nan kou Istwa Inivèsèl 1 kredi nan U.S. Istwa 0.5 kredi nan U.S. Gouvènman 0.5 kredi nan kou Ekonomi | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase yon kou CTE ak kontni ki gen rapò ak syans sosyal pou yon kredi syans sosyal (eksepte pou Istwa Etazini) | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> Ka ranplase kou aksè yo ak kou edikasyon jeneral Ka ranplase yon kou CTE ki gen rapò ak syans sosyal pou yon kou ki bay kredi syans sosyal (eksepte pou Istwa Etazini) |
| Kou Ochwa (7.5 Kredi) | | |
| <ul style="list-style-type: none"> Sa ka gen ladann kou nan kad travay | <ul style="list-style-type: none"> Li dwe gen ladann 0.5 kredi nan yon kou ki baze sou travay Ka gen ladann kou edikasyon pou elèv eksepsyonèl (ESE). | <ul style="list-style-type: none"> Sa ka gen ladann kou nan kad travay |
| 1 Kredi nan Espèktak Atistik, Diskou ak Deba, CTE oswa Pratik Atistik ki elijib (dapre Repètwa kòd Kou yo) | | |
| 0.5 Kredi an Pèsonn Edikasyon Finansye | | |
| 1 Kredi nan Edikasyon Fizik pou entegre sante | | |
| Etidyan yo dwe gen yon mwayèn 2.0 (GPA) sou yon echèl 4.0 pou tout ane yo epi yo dwe pase evalyasyon ofisyèl ki fèt nan tout eta a, oswa reponn a kritè kote yo pa oblije pase egzamen an | | |

Tabla de opciones de graduación para 2023-24 en Florida: Estudiantes que ingresan a 9° Grado en 2023-24 y después

| 18-Kredi Opsyon Pwogram Eskolè ki Egzijan pou Amelyore Aprantisaj (ACCEL) <i>Disponible para todos los estudiantes, incluyendo estudiantes con discapacidades</i> | Vía para la graduación de Educación Técnica y Profesional (CTE) (requiere 18 créditos como mínimo) <i>Disponible para todos los estudiantes, incluyendo estudiantes con discapacidades</i> |
|---|--|
| Teknik Lang Anglè (4 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ ELA 1, 2, 3, 4 ▪ Distenksyon ELA yo, Plasman Avanse (AP), Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE), Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak kou ki gen doub enskripsyon yo ka satisfè egzijans sa a. | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sa gen ladan l evalyasyon lekti 10yèm ane nan tout eta a oswa evalyasyon ELA pou 10yèm ane oswa fè yon bon nòt |
| Matematik (4 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yonn ladan yo dwe Aljèb 1 epi yonn ladan yo dwe se Jewometri ▪ Sètifikasyon Endistri ki mennen nan kredi pou kolèj la ka ranplase jiska de kredi matematik (eksepte Aljèb 1 ak Jewometri) *Yon kredi syans enfòmatrik pa ka sèvi pou ranplase yon kredi matematik ak syans. | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan |
| Syans (3 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yonn ladan yo dwe Biyoloji 1 ▪ De nan twa kredi yo egzije yo dwe genyen yon eleman laboratwa ▪ Yon sètifikasyon endistri ki mennen nan kredi pou kolèj ka ranplase pou pi plis yon kredi syans (eksepte Biyoloji 1) ▪ Yon kou yo idantifye nan syans enfòmatrik* ka ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji 1) *Yon kredi syans enfòmatrik pa ka ranplase yon kredi matematik ak syans. | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan |
| Syans Sosyal (3 Kredi) | |
| <ul style="list-style-type: none"> ▪ 1 kredi nan kou Istwa Inivèsèl ▪ 1 kredi nan U.S. Istwa ▪ 0.5 kredi nan U.S. Gouvènman ▪ 0.5 kredi nan kou Ekonomi | sa gen ladan l tout kondisyon yo site nan premye kolòn nan |
| Kou Ochwa (2.5 Kredi) | Optativas (3.5 créditos) |
| <p>Karyè ak Ansèyman Teknik - Pa Obligatwa</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Amwenske li sèvi pou ranpli kondisyon 1 Kredi pou Penti ak Espektak Atistik, Diskou ak Deba, CTE oswa Pratik Atistik ki elijib <p>Pwogram Aprantisaj Baze sou Travay - Pa Obligatwa</p> | <ul style="list-style-type: none"> ▪ Karyè ak Ansèyman Teknik (2 Kredi) - Kou yo dwe pèmèt ou boukle yon pwogram ak yon sètifikasyon endistri ▪ Pwogram Aprantisaj Baze sou Travay (1.5 kredi)- Konplete de kredi nan pwogram aprantisaj ki baze sou travay yo <ul style="list-style-type: none"> ○ Ka ranplase pou pi plis 2 kredi kou elijib, sa gen ladan l 0.5 kredi nan ansèyman kompetans finansyè, pou kou ki nan pwogram aprantisaj baze sou travay yo pou satisfè egzijans yo |
| 1 Kredi nan Espektak Atistik, Diskou ak Deba, CTE oswa Pratik Atistik ki elijib, dapre Repètwa kòd Kou yo | Penti ak Espektak Atistik, Diskou ak Deba, oswa Pratik Atistik ki elijib - Pa Obligatwa |
| 0.5 Kredi nan kou Ekonomi ak Konesans Finansyè Pèsònèl | |
| Edikasyon Fizik - Pa Obligatwa | |
| Etidyan yo dwe gen yon mwayèn 2.0 (GPA) sou yon echèl 4.0 pou tout ane yo epi yo dwe pase evalyasyon ofisyèl ki fèt nan tout eta a, oswa reponn a kritè kote yo pa oblije pase egzamen an | |

Gen enfòmasyon anplis sou kondisyon pou jwenn yon diplòm, sa gen ladann lyen ak referans lejislatif yo, sou sit entènèt Depatman Edikasyon Florida a konsènan Kondisyon Gradyasyon: <https://www.fldoe.org/schools/k-12-public-schools/sss/graduation-requirements/>.



Laj Majè ak Transfè Dwa yo

Daprè Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), transfè dwa paran yo kapab fèt “lè yon timoun ki andikape rive nan laj majè selon lejislasyon Eta a ki aplike pou tout timoun yo (sof pou timoun ki andikape yo dekouvri ki enkonpetan yo selon lejislasyon Eta a).” Nan Florida, moun yo rive nan laj majè a epi yo resevwa transfè dwa yo a laj 18 lane ([Seksyon 743.07, Lwa Florida yo \(F.S.\)](#)).

Elèv ki Pral Gen 18 lane ak Priz Desizyon Edikatif

- Prepare etidyan yo pou pran desizyon konsènan lavi yo se yon pwosesis ki vrèman enpòtan. Ak 18 lane, etidyan yo ap gen dwa pou pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon. Egzijans lejislatif Florid ki sipòte transfè dwa bay elèv yo gen ladan l bagay sa yo:
 - Omwen yon lane anvan yon etidyan genyen 18 lane, etidyan ak paran li yo dwe fè konnen transfè dwa yo bay etidyan an ap fèt ak 18 lane. Sa dwe fèt pou pi ta nan jou etidyan an ap fete 17yèm anivèsè li a epi li dwe ekri nan plan edikasyon endividyèl la (IEP).
 - Y ap bay paran yo ak elèv yo yon avi apa lè elèv la rive nan laj 18 lane.
 - Anplis, pwojè lwa Chanm Reprezantan yo (HB) 19 (2023) modifiye atik [1003.5716, F.S.](#) la pou fè konnen biwo lekòl la ap bay etidyan ak paran li yo enfòmasyon ak enstriksyon sou oto-detèminasyon ak dwa jiridik epi responsablite ki gen rapò ak pran desizyon nan zafè edikasyon ki transfere bay etidyan an lè li genyen 18 lane. Enfòmasyon an dwe gen ladan l fason etidyan kapab bay konsantman eklere pou otorize paran li yo kontinye patisipe nan desizyon k ap pran sou edikasyon yo, tankou:
 - Konsantman eklere pou bay aksè ak dosye konfidansyèl ki pwoteje yo selon Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) jan sa ye nan [atik 1002.22](#).
 - Pwokirasyon an jan sa ye nan [Chapit 709, F.S.](#); Pledwaye
 - pou Responsab legal la jan sa ye nan [Atik 393.12, F.S.](#); ak
 - Responsablite Legal jan sa ye nan [Chapit 744, F.S.” \(HB 19 \(2023\) Plan Edikasyon Endividyèl yo\)](#).



Responsablite Legal ak Lòt Posiblite Priz Desizyon

Lè w ap konsidere opòtinite gadyen oswa yon altènativ pou priz desizyon pou jèn ou a, yon sijesyon yo souvan bay se chwazi yon opsyon ki pral bay jèn ou a ki gen laj 18 lane kantite maksimòm kapasite pou li pran desizyon pandan y ap pwoteje sante ak byennèt jeneral li. Opsyon pou pran desizyon yo ka konsidere yo se opsyon sa yo:

- Responsablite Legal Total se lè yo dekouvri yon moun manke kapasite pou li pran swen tèt li ak byen li li posede. Tribinal la (tribinal mobil la) ap chwazi yon responsab legal pou egzèse tout dwa ak pouvwa yon moun genyen ki kapab transfere bay yon lòt moun pou li fè yon bagay legalman.
- Responsablite Legal Limite se lè yo dekouvri yon moun manke kapasite pou li egzèse kèk nan dwa li yo men se pa tout nèt. Tribinal la ap chwazi yon responsab legal pou egzèse dwa yo kapab transfere bay yon lòt moun pou li fè yon bagay legalman. ([Seksyon 744.2102, F.S.](#))
- Pledwaye pou Responsab Legal ladisponib pou moun ki gen andikap entelektiyèl yo (Developmental Disability, DD). Li pa posib pou detèmine si yon moun gen bezwen yon responsab legal poutèt li sèlman genyen yon andikap enlektyèl (Developmental Disability, DD). Men si yon moun ki genyen yon andikap enlektyèl manke kapasite pou li pran kèk (se pa tout) desizyon ki gen rapò ak swen pou li bay tèt li oswa byen li posede, yon tribinal mobil kapab chwazi yon Avoka nan zafè Gad Legal pou ede li pran desizyon nan domèn li gen bezwen asistans yo ([Seksyon 393.12, F.S.](#))
- Ede nan Pran Desizyon (Supported Decision-Making, SDM) se lè w pran pwòp desizyon w avèk posiblite pou jwenn sipò nan men yon gwoup manm fanmi, zanmi ak/oswa pwofesyonèl ou fè konfyans. Gras ak modèl sa a, yon moun kapab chwazi pran desizyon li swete pran yo epi jwenn aksè ak asistans li bezwen yo. Rive jwenn bon jan ekilib ant asistans ak otonomi se kle pou kapab asire adolesan ou a genyen opòtinite pou li mennen lavi ki plis oto-detèmine a.

Tcheke publikasyon Project 10 sa a pou w jwenn plis enfòmasyon! “[Lè nou Konsidere Laj Majè a, Opsyon pou Pran Desizyon yo ak Transfè Dwa yo.](#)”



Chanjman Wout: Fason pou Repòte Resepsyon yon Diplòm Estanda

Non sèlman elèv ki gen andikap yo ka travay pou jwenn yon diplòm estanda, sèten elèv ki gen andikap kapab ranvwaye resepsyon diplòm nan epi kontinye resevwa sèvis edikasyon atravè distri lekòl la tou. Pwosesis ranvwa a nesèsè paske elèv ki resevwa diplòm etid segondè nòmal yo pa kalifye ankò pou yo jwenn yon ansèyman Leta apwopriye ki gratis (free appropriate public education, FAPE) Gen 2 pati nan pwosesis ranvwa a.

1. Elèv dwe genyen yon IEP ki “preskri yon ansèyman espesyal, planifikasyon tranzisyon, sèvis tranzisyon oswa sèvis ki gen pou wè ak li yo jous nan laj 21 lane.” Sa vle di, akòz andikap la, yon elèv dwe gen bezwen yon ansèyman ak sèvis k ap kontinye.
2. Elèv dwe enskri nan youn nan plizyè pwogram espesifik. Ale gade tablo ki nan paj sa a pou jwenn pwogram ak deskripsyon yo. Elèv ki gen andikap ki genyen yon diplòm estanda yo epi ki pa repòte PA kalifye pou okenn lòt sèvis nan distri eskolè a. Pandan

pwosesis la nan estati ranvwa, elèv yo kapab gen yon pwogramasyon fleksib. Ranvwa pwogram yo ka gen orè ki diferan ak orè regilye lekòl la. Pa egzanp, pwogram ranvwa yo ka rankontre de oswa twa jou pa semèn oswa yo ka rankontre chak jou epi yo gen yon lè pou yo fini ki bonè. Nou atann pou elèv yo patisipe pandan tan ki pwograme pou pwogram nan.

Ranvwa Diplòm atavè Tranzisyon Pwolonje (Pwogram 18-22 nan Florida)

Lwa Eta Florida yo pèmèt elèv ki gen andikap yo ranvwaye resepsyon diplòm nòmal yo a epi kontinye resevwa sèvis edikasyon espesifik nan distri eskolè yo a [1003.4282(11)(c). S.F.S.).

Kalandriye ranvwa pou elèv k ap ranvwaye yo:

1. Pou IEP a anvigè a laj 14 lane a, oswa pou l anplas epi fonksyone nan premye jou lekòl segondè elèv la, y ap gen pou dokimante yon diskisyon sou pwosesis ranvwa a.
2. Pou IEP ki anvigè nan kòmansman ane eskolè a sipoze elèv la prevwa gradye a, fòk paran an, responsab legal oswa elèv la siyen yon deklarasyon si tout fwa elèv la rive nan laj majorite (li majè) epi yo transfere dwa yo bay elèv la, ki demontre li konprann pwosesis ranvwa a epi ki idantifye si elèv la ap ranvwaye resepsyon diplòm lekòl segondè estanda li a.
3. Pandan ane elèv la sipoze gradye a, distri eskolè yo pral fè fanmi yo ak elèv yo konnen si yo pa ranvwaye resepsyon diplòm lekòl segondè a yon fwa tout egzijans yo rive satisfè, distri yo ap vin pa gen okenn obligasyon pou yo bay yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE).
4. Dat 15 me nan ane elèv la sipoze gradye a se dat limit pou finalize chanjman nan desizyon ranvwa a (Règ 6A-1.09963, F.A.C.).

Pou satisfè kritè elijiblite yo, yon elèv dwe:

1. Satisfè tout kondisyon kredi, mwayèn (GPA) ak kondisyon tès pou diplòm estanda a.
2. Gen yon IEP ki dokimante bezwen ansèyman espesyalize yo, tranzisyon oswa sèvis ki asosye yo jiska laj 21 lane. Lè gen yon ranvwa, elèv la dwe enskri nan youn nan pwogram edikatif ki afiche anba a.

| Kategori Pwogram | Deskripsyon Pwogram |
|--|--|
| Pwogram Kredi Inivèsitè Akselere, jan sa deki nan s.1007.27(1), F.S. | Pwogram Kredi Inivèsitè Akselere, jan sa deki nan s.1007.27(1), F.S. la gen ladan l enskripsyon doub ak admisyon alavans, plasman avanse, kredi pou chak egzamen, pwogram Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak pwogram Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse (AICE). Kou ak pwogram ki disponib pou enskripsyon doub ap varye selon distri eskolè a. Mete sou sa a, pwogram sa yo souvan gen kritè kalifikasyon ki estrik, tankou GPA pa egzanp. |
| Pwogram Inivèsitè Antisipe | Pwogram Inivèsitè Antisipe yo se pwogram akselerasyon lekòl segondè ki estriktire kote yon gwoup elèv enskri apentan nan kou apre lekòl segondè ki ofri l kredi pou yon diplòm premye sik (oswa “associate degree”). Kou ki aplikab antanke koue esansyèl edikasyon jeneral yo dwe jwenn priyorite selon s. 1007.25, F.S. pou yon diplòm premye sik (associate degree) oswa yon diplòm bakaloreya. s. 1007.273, F.S. |
| Kou pou Sètifikasyon nan Endistri k ap Bay Avantaj Kredi | Kou ak pwogram ki disponib pou sètifikasyon nan endistri yo ap varye selon distri eskolè epi yo ka gen egzijans elijiblite. |
| Jwenn Tit Bousye pou Etidyan | Pèmèt elèv yo kontinye travay sou kondisyon ki nesèsè pou jwenn yon diplòm tit etidyan. Pa bliye: Pou yon elèv jwenn tit sa a li pa kapab egzante rezilta tès ki obligatwa nan tout eta a. |
| Altènans Travay-Etid ki Estriktire, Estaj oswa Pre-aprantisaj | Pwogram ki prepare elèv yo pou anplwa ki prevwa konsantre l sou konpetans ki ankouraje opòtinite anplwa sa yo: otodetèminasyon ak defans (pwomosyon) pèsònèl; entèraksyon sosyal; fòmasyon pou vwayaj; kominikasyon; ak vi endepandan (otonomi). Pa bliye: Disponibilite an ap varye selon distri eskolè a; epi kèk pwogram gen yon pwosesis aplikasyon, kondisyon elijiblite ak/oswa espas limite, kidonk yo ka pa garanti y ap aksepte epi planifikasyon davans lan vin enpòtan pou yo. Kèk egzanp pwogram nan se: Project SEARCH; Ansèyman kominotè (Community-based instruction, CBI); Edikasyon pwofesyonèl kominotè (Community-based vocational education, CBVE); Antrepriz eskolè (School-based enterprise, SBE); Estaj; ak Pre-aprantisaj. |



Pran yon Lòt Direksyon: Opsyon Apre Lekòl yo

Elèv lekòl segondè ki vle pran plis ansèyman oswa fòmasyon apre etid segondè yo gen plizyè chwa nan Florida. Genyen tou plizyè opòtinite pou elèv yo kapab jwenn sèvis apre lekòl segondè. Rezime Randman (The Summary of Performance, SOP) se yon dokiman yo dwe bay elèv ki gen andikap yo lè yo kite lekòl segondè ak yon diplòm estanda oswa lè yo vin gen plis laj pase limit laj pwogram edikasyon yo an SOP a dekri elèv la anrapò ak karakteristik sa yo: pèfòmans akademik ak fonksyonèl; preferans, enterè, fòs ak bezwen elèv la; akomodasyon, modifikasyon ak/oswa teknoloji asistans yo itilize nan lekòl segondè; rekòmandasyon pou aranjman; ak teknoloji asistans ki ka nesesè nan anviwònman adilt yo. Jwenn plis enfòmasyon sou SOP nan <http://project10.info/DPage.php?ID=222>.

Yo ka egzije lòt dokiman epi sa yo mande a ka varye sa depan inivèsite a. Anpil kolèj egzije yon evalyasyon ki resan. Pou elèv yo kapab asire yo mezi adaptasyon yo anplas anvan kou yo kòmanse, yo ta dwe kontakte biwo sèvis pou andikap yo ki nan sant teknik, kolèj oswa inivèsite yo planifye ale a.

Sèvis pou Andikap nan Fakilte ak Inivèsite yo - Lwa sou Ansèyman pou Moun ki gen Andikap yo (IDEA), ki egzije pou lekòl Leta yo kreye yon IEP epi bay elèv ki gen andikap yo sèvis, pa aplike apre yon elèv fin fè etid segondè li. Granmoun kou etidyan nan kolèj yo tonbe anba Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo ak Seksyon 504 Lwa sou Reyadaptasyon. Elèv ki gen andikap ki prevwa ale nan kolèj yo dwe idantifye tèt yo tankou moun ki gen andikap epi prepare yo pou yo jwe yon wòl aktif nan deside ki mezi adaptasyon ki nesesè pou ede yo reyisi. Jwenn Sant Resous Elèv Andikape Inivèsite Florida yo

<https://www.flbog.edu/universities/admissions-transfers/students-with-disabilities/>

Gade diferans ki gen ant IDEA ak ADA nan

<https://www.gtc.edu/sites/default/files/documents/DIFFERENCES%20BETWEEN%20HIGH%20SCHOOL%20AND%20COLLEGE%20DISABILITY%20SERVICES.pdf>.

Sant Pwofesyonèl ak Sant Teknik - Florida ofri elèv yo 46 sant pwofesyonèl ak sant teknik ki akredite nan tout Eta a. Yo bay ansèyman ak sètifikasyon ki nesesè pou travay nan yon domèn pwofesyonèl oswa teknik patikilye. Pwogram yo fleksib pou etidyan yo epi yo bay ansèyman ak fòmasyon ki espesifik ak yon endistri pou yon pil pwofesyon. Jwenn plis enfòmasyon nan “Karyè ak Edikasyon Teknik: Amelyore Eksperyans Edikatif nan Lekòl Entèmedyè, Lekòl Segondè ak Edikasyon apre Lekòl Segondè” nan <http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>.

Sistèm Inivèsite Florida - 28 kolèj leta yo ofri sètifika pwofesyonèl ak diplòm de (2) lane ki prepare elèv la pou l janbe nan yon pwogram lisans oswa pou l ale nan travay ki mande konpetans espesyal. Enstitisyon ki gen Sistèm Kolèj Florida yo gen yon politik ouvè pòt. Sa vle di yo pral antre elèv ki te genyen yon diplòm etid segondè nòmal yo, ki te genyen yon diplòm ekivalans etid segondè oswa ki montre yo te reyisi kou apre etid segondè yo nan yon pwogram diplòm k ap dire 2 lane. Anpil ofri diplòm bakaloreya tou nan domèn ki gen anpil demann pou yo. Epi tou, yo kapab transfere kredi yon elèv genyen nan yon diplòm premye sik (Associate) pou Zèv Atistik nan yon Inivèsite Florida nan yon pwogram 4 lane nan yon Inivèsite Florida. Jwenn plis enfòmasyon sou Sistèm 2 + 2 a nan http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/5421/urlt/0078404-pathways_to_success.pdf. Jwenn plis enfòmasyon konsènan preparasyon jèn ou a pou edikasyon apre lekòl segondè nan “Prepare pou Opòtinite Edikatif Apre Lekòl Segondè: Fanmi k ap Sipòte Elèv pou Siksè” nan <http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>.

Sistèm Inivèsite Eta a - Genyen 12 inivèsite leta nan Florida ki ofri pwogram lisans pandan kat (4) lane. Yo bay tou diplòm etid siperyè ak diplòm pwofesyonèl. Se konkou ki fè moun antre nan inivèsite eta Florida yo. Moun ki gen pou vin etidyan yo ta dwe suiv yon pwogram eskolè ki estrik nan lise epi enskri nan plis pase yon inivèsite pou yo kapab ogmante chans yo pou yo asepte yo. Jwenn plis enfòmasyon sou kijan yon elèv ki fenk antre nan inivèsite kapab ale nan youn nan inivèsite piblik Florida yo la a - <https://www.flbog.edu/universities/admissions-transfers/undergraduate-admissions/>.



Edikasyon Apre Lekòl Segondè Enklizif (Inclusive Postsecondary Education, IPSE), ki pote non Pwogram Tranzisyon ak Apre Lekòl Segondè pou Elèv ki gen Andikap Entèlektyèl (Transition and Postsecondary Programs for Students with Intellectual Disabilities, TPSID), se pwogram apre lekòl segondè ki bay moun ki gen andikap entèlektyèl aksè pou yo etidye ansanm ak kamarad ki pa andikape nan yon kanmpis inivèsite. Etidyan yo ka pran kou yo, mete konpetans sosyal yo an pratik ak aprann konpetans ki gen pou wè ak travay. Asosye yo avèk etidyan parèy yo ki gen menm laj avèk yo, jwenn pi bon aksè ak opòtinite pou jwenn travay epi amelyore kapasite yo genyen pou yo viv yon fason endepandan se kèk pami avantaj ki gen nan pwogram sa yo. Elèv ki gen yon diplòm nòmal ki baze sou pwogram aksè yo kalifye pou yo enskri. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou paj wèb Edikasyon Enklizif Apre Lekòl Segondè nan sitwèb Project 10 la ki se <http://project10.info/DPPage.php?ID=193>.

Sant Florida pou Elèv ki gen Talan Inik yo (Florida Center for Students with Unique Abilities, FCSUA) - Objektif sant lan se ogmante lespri viv an granmoun lan, fòmasyon apre etid segondè ki ouvè pou tout moun epi ki bay esperyans ak opòtinite pou etidyan ki gen andikap entèlektyèl yo jwenn travay. Gen finansman ki disponib pou ede kolèj yo mete nouvo pwogram yo anplis epi gen finansman pou bous etidyan yo pou yo kapab patisipe nan pwogram sa yo. Politik FCSUA yo fè egzijans sa yo:

- Etidyan yo dwe te soti nan sistèm K-12 la (lekòl matènèl rive nan 12yèm ane) pou yo kapab kalifye pou bous FCSUA yo. Etidyan yo ka depase laj 22 lane epi yo rete kalifye pou yon bous FCSUA.
- Pwogram apre etid segondè yo dwe genyen estati Pwogram Tranzisyon Global Apre Etid Segondè nan Florida (FPCTP) oswa yo dwe nan pwosesis aplikasyon pou yo kapab kalifye pou yo resevwa finansman pamwayen sibvansyon an.
- Pwogram apre etid segondè yo dwe aksesib tou pou etidyan ki te soti nan sistèm K-12 yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou www.FCSUA.org.

Kle pou Reyisit: Atitud, Pwomosyon Pèsonèl ak Preparasyon - Kesyon Gid pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè

Sa yo se kèk kesyon gid ak rekòmandasyon pou fanmi jèn ki gen andikap yo nan lide pou ede prepare yo pou edikasyon apre klas segondè (Biwo pou Dwa Sivil nan Depatman Edikasyon Etazini, 2011).

1. Èske jèn ou konprann andikap li a?

Jèn andikape yo bezwen konnen nati andikap yo ansanm ak fòs yo, enterè yo epi ki aranjman (akomodasyon) ki te ede yo reyisi nan aprantisaj yo. Yo ka aprann konpetans sa yo pandan yo nan lekòl la epi yo ka pratike yo pandan pwosesis IEP a, tout sa nan lide pou jèn yo prepare yo pou yo dekri andikap yo epi mande pou yo jwenn sipò ki pral ede yo reyisi nan inivèsite yo.

2. Èske jèn ou a aksepte responsabilize tèt li pou siksè li?

Jèn ki gen andikap ki vle ale nan inivèsite yo pral soti nan yon sistèm eskolè kote se granmoun ki t ap defann ak dirije aprantisaj yo ak aranjman yo pou yo ale nan yon sistèm edikasyon apre lekòl segondè ki mande pou yo defann tèt yo poukont yo epi pou yo vin responsab fason y ap aprann nan.

3. Èske jèn ou an ap pran yon kourikoulòm preparasyon apwopriye?

Elèv ki gen plan pou ale nan inivèsite lè yo gradye ap bezwen fini ak yon pwogram etid ki pral byen prepare yo. Li enpòtan pou jèn yo rankontre ak konseye pedagòjik lekòl segondè yo a pou asire yo nan bon pwogram etid la.

4. Èske jèn ou an te aprann konpetans nan jesyon tan?

Jèn ki gen andikap jeneralman resevwa yon gwo kantite konsèy ak direksyon pandan yo nan lekòl segondè. Nivo sipèvizyon ak asistans sa a pral disponib nan anviwònman apre lekòl segondè a. Li enpòtan pou jèn ki gen andikap yo devlope konpetans pou jere tan pandan yo nan lekòl la pou yo ka reyisi yon fwa yo poukont yo nan inivèsite.

5. Èske jèn ou an gen konpetans enfòmasyon?

Konpetans enfòmasyon ede elèv ki gen andikap yo gen siksè nan inivèsite. Jèn andikape yo ka travay avèk biwo sèvis andikap inivèsite a, epi tou ak anplwaye laboratwa òdinatè ak bibliyotèk la, pou kowòdone zouti teknoloji k ap ede yo itilize òdinatè. Teknoloji asistans yo ka ede elèv ki gen andikap vizyèl, oditif, fizik oswa lòt andikap yo sèvi ak òdinatè.

6. Èske ou menm ak jèn ou yo te panse patisipe nan pwogram preparasyon pou edikasyon apre lekòl segondè a?

Anpil fakilte ak inivèsite gen pwogram ete pou elèv ki toujou nan lekòl segondè pou yo ka vin fè eksperyans lavi kanmpis inivèsite a. Fanmi yo ka travay ansanm ak manm pèsonèl lekòl segondè jèn yo pou idantifye pwogram preparasyon inivèsite oswa inivèsite lokal yo.

7. Èske w te gide jèn ou yo pou yo konn kijan pou fè rechèch sou pwogram edikasyon apre lekòl segondè?

Li enpòtan pou jèn ki gen andikap yo ansanm ak fanmi yo fè rechèch sou fakilte ak inivèsite epi aprann konsènan sipò ak sèvis ki disponib yo, ansanm ak pwosesis epi kondisyon yo mande pou fè aranjman pou akomodasyon ki nesèsè yo.

8. Èske ou menm ak jèn ou yo te panse patisipe nan kanmpis la?

Premye ane inivèsite a kapab difisil anpil, sitou si jèn ou an ap lwen lakay ou. Oryantasyon nouvo elèv (freshman) yo se yon bon kote pou kòmanse aprann sou kanmpis la, fè zanmi, epi deside nan ki aktivite pou patisipe.

Pou jwenn aksè konplè nan piblikasyon ki rele “Tranzisyon Elèv Ki Gen Andikap Nan Edikasyon Apre Lekòl Segondè: Yon Gid pou Anseyan nan lekòl Segondè,” ale sou <http://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/transitionguide.html>.



Pwen Repè #16

Eksplòre Koneksyon Ajans yo

Pandan elèv yo ap apwoche peryòd gradyasyon an, elèv yo ansanm ak fanmi yo ta dwe konekte ak oswa kontakte ajans yo. Ajans ak resous sa yo ka itilize nan planifikasyon pou lavi apre lekòl segondè ajans:

Ajans pou Moun ki gen Andikap yo (Agency for Persons with Disabilities, APD)



APD ede nan sipòte moun ki gen andikap devlopman. APD ka ede moun ki gen andikap devlopman yo viv, aprann epi jwenn travay.

www.apd.myflorida.com

CareerSource Florida



Sant CareerSource lokal yo sipòte biznis yo epi yo ede moun k ap chèche travay. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb CareerSource Florida a nan <https://careersourceflorida.com>.

Dwa Moun ki Gen yon Andikap yo nan Florida



Li ofri sèvis defans legal ak pwoteksyon dwa pou granmoun ak timoun ki gen yon gran varyete andikap.

<https://disabilityrightsflorida.org/>.

Divizyon Sèvis pou Moun Avèg (Division of Blind Services, DBS);



DBS itilize yon apwòch ekip pou ofri sèvis tranzisyon yo. DBS pran elèv la, paran oswa manm fanmi yo, pwofesè, founisè sèvis yo ansanm ak zanmi yo pou l reyini yo nan objektif pou ede jèn ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyèl grav yo. DBS ede nan vin gen konpetans ki ap pèmèt wwayaj ak yon vi endepandan. DBS kapab ede you nan vin egnyen konpetans pou itilize teknoloji asistans epi nan lekti Bray.

Jwenn plis enfòmasyon konsènan DBS <http://dbs.myflorida.com/Transition/index.html>.

Sant Florida pou Viv Endepandan (Centers for Independent Living, CIL)



CIL yo ede nan lavi kominotè ansanm ak endepandans pou moun ki andikape yo selon kwayans yo ki deklare tout moun ka viv ak diyete, fè pwòp chwa yo epi patisipe totalman nan sosyete a <https://www.floridacils.org/home>.

Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR)



VR se yon asosye enpòtan. VR ede nan sipòte elèv ki gen andikap yo pase sot nan lekòl ale nan etap anplwa. Sèvis Tranzisyon pou Jenn VR la ede elèv ki gen andikap yo prepare, jwenn epi konsève travay yo. VR kapab ede elèv yo jwenn sèvis oryantasyon pwofesyonèl, fòmasyon oswa edikasyon apre etid segondè ansanm ak espèyans travay. Elèv ki gen andikap yo ka aplike nan VR apati laj 14 lane. Jwenn plis enfòmasyon konsènan Sèvis Tranzisyon pou Jenn VR la sou Entènèt nan <https://www.rehabworks.org/>.

Sant pou Paran Florida yo (Florida Parent Centers)

Rezo Fanmi sou Andikap (Family Network on Disabilities, FND) ak sant rejyonal pou paran yo se enstitisyon k ap bay paran yo sèvis fòmasyon ak sèvis enfòmasyon (PTI) epi se gouvènman Federal la ki finanse yo. Gen èd ki disponib pou paran yo, pwofesè yo, òganizasyon kominotè yo ak gwoup relijye yo. Efò sa yo ede paran nan tout Florida yo ogmante konesans yo sou fason pou ede jèn yo reyisi nan lekòl epi ed eyo kontinye nan aktivite apre lekòl segondè yo. Jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis PTI Florida yo epi jwenn sant ki pi pre w la nan <http://fndusa.org/>.



Parent to Parent of Miami se yon resous kominotè ki espesyalize nan bay fanmi timoun ak granmoun ki gen bezwen espesyal yo enfòmasyon, sipò edikasyon ak emosyonèl.

<https://www.ptopmiami.org/>.





Eksplòre Resous Tranzisyon pou Fanmi yo

8 Fason Pou Ranfòse Fonksyon Egzekitif lakay Adolezan ak Timoun ki Poko Adolezan yo

<https://www.edutopia.org/article/8-ways-bolster-executive-function-teens-and-tweens/8-Ways-to-Bolster-Executive-Function-in-Teens-and-Tweens>

10 Fason pou Amelyore Konpetans Kominikasyon Elèv Lekòl Segondè ou a

<https://www.understood.org/articles/10-ways-to-improve-your-high-schoolers-communication-skills>

Karyè ak Edikasyon Teknik, Entegrasyon, ak Rezilta Apre Lekòl Segondè pou Elèv ki Gen Andikap yo

<https://caldercenter.org/publications/career-and-technical-education-inclusion-and-postsecondary-outcomes-students>

Diferans Ant Sèvis pou Andikape nan Lekòl Segondè ak Inivèsite

<https://www.gtc.edu/sites/default/files/files/documents/DIFFERENCES%20BETWEEN%20HIGH%20SCHOOL%20AND%20COLLEGE%20DISABILITY%20SERVICES.pdf>

Dwa Moun ki Gen yon Andikap yo nan Florida: Ki Lòt Solisyon ki Genyen pou ranplase Responsablite Legal la?

<https://disabilityrightsflorida.org/disability-topics/disability-topic-info/what-are-the-alternatives-to-guardianship>

Bawo Florida - Bay Konsèy ak Paran ki gen Timoun ki Bezwen Espesifik yo

<https://www.floridabar.org/the-florida-bar-news/guidance-offered-for-parents-of-teens-with-special-needs/>

Lis Pwogram nan Sistèm Inivèsite Florida a

<https://www.fl DOE.org/schools/higher-ed/fl-college-system/about-us/colleges.shtml>

Konsèy Kowòdinasyon pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di (Florida Coordinating Council for the Deaf and Hard of Hearing, FCCDHH)

<http://www.floridahealth.gov/provider-and-partner-resources/fccdhh/>

Folleto sobre Educación Técnica y Profesional del Departamento de Educación de Florida

<http://www.fl DOE.org/academics/career-adult-edu/career-tech-edu/>

Bwochi sou Karyè ak Edikasyon teknik Depatman Edikasyon Florida a

<https://www.fl DOE.org/academics/career-adult-edu/research-evaluation/career-cluster-infographics.shtml>

Depatman Edikasyon Florida: Sit entènèt pou bous etid

<http://www.fl DOE.org/contact-us/search.shtml?q=Scholarships>

Komite Andikap Entelektiyèl Florida a - Devlope Kapasite yo ak Restore Dwa yo: Yon Gid pou Sipòte Moun ki gen Andikap yo

<https://www.fddc.org/publications/>

Preparasyon pou Opòtinite Edikatif Apre Lekòl Segondè:

Fanmi k ap Sipòte Elèv pou Sikse

<http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>

Sant Resous Nasyonal pou Ede nan Pran Desizyon -

<http://supporteddecisionmaking.org/>

Pratik Konpetans Sosyal: Kijan Pou Anseye Elèv ou a Entèraksyon Sosyal yo

<http://www.ldonline.org/article/21025/>

Project 10: Rezo Ansèyman Tranzisyon - Anplwa

<http://project10.info/Employment.php#NS62>

Edikasyon ak Fòmasyon Apre Etid Segondè

<http://project10.info/PostsecondaryEducation.php#NS27>

Lis Kontwòl Kritè Tranzisyon yo

<http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>

Reyadaptasyon Pwofesyonèl: Sit Entènèt Sèvis Tranzisyon Anvan Travay la (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS) ak Tout Fòm Referans

<https://www.rehabworks.org/student-youth/student-steps.html>

Depliyen VR Pre-ETS

https://www.rehabworks.org/_resources/docs/flyers/pre-employment-transition-services.pdf